**दिन–गुरूवार** **दिनांक–04.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

जीएसटी परिषद अगिला पीढ़ी के वस्तु आ सेवा कर सुधारक घोषणा कऽ देलक अछि। अप्रत्यक्ष कर प्रणाली के चारि स्तरीय संरचना सँ सरल बना कऽ दू स्तरीय संरचना मे बदलि देल गेल अछि। आब मात्र दू स्लैब दर पांच आ अठारह प्रतिशत होयत। पहिने पांच, बारह, अठारह आ अठाईस प्रतिशत के चारि स्लैब दर छल। जीएसटी परिषदक छप्पनम बैसक के बाद मीडिया के जनतब दैत केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन कहलनि जे नव दर एहि मासक बाईस तारीख सँ लागू होयत। एहि सँ दैनिक उपयोगक बेसी सँ बेसी वस्तु आ सेवा सस्ता भऽ जायत। हमर संवाददाता जनौलनि जे विभिन्न वस्तु सभ पर जीएसटी परिषदक दर मे कटौती के उद्देश्य सभ नागरिक के जीवन के उत्तम बनायब अछि। जीएसटी मे सभ सँ पैघ कर कटौती खाद्य–पदार्थ, दवाई, आवश्यक वस्तु, कृषि उत्पाद, हरित ऊर्जा के संग–संग छोट कार आ बाईक पर कयल गेल अछि। ओतहि, व्यक्तिगत जीवन स्वाथ्य बीमा पॉलिसी पर जीएसटी के दर अठारह सँ घटा कऽ शून्य कऽ देल गेल अछि। एहि डेग सँ स्वास्थ्य बीमा पॉलिसी आम आदमी के लेल सस्ता भऽ जायत आ देश मे बीमा कवरेज बढ़त। कैसर आ दुर्लभ बीमारी सभक उपचार सहित छत्तीस जीवनरक्षक दवाई सभ पर सेहो जीएसटी शून्य कऽ देल गेल अछि। एकर अलावे थर्मामीटर आ ग्लूकोमीटर सहित नियमित उपयोग कयल जायबला चिकित्सा वस्तु सभ पर जीएसटी के दर बारह प्रतिशत सँ घटा कऽ पांच प्रतिशत कऽ देल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जीएसटी दर सभ मे कयल गेल सुधारक सराहना कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे सरकारक एहि निर्णय सँ आम आदमी, किसान, एमएसएमई, मध्यम वर्ग, महिला आ युवा लोकनि के लाभ होयत। ओ कहलनि जे एहि सुधार सँ विशेष कऽ छोट व्यापारी आ व्यवसायी लोकनि के व्यापार करबा मे आसानी होयत।

---

जीएसटी परिषद मंत्री समूहक अध्यक्ष आ बिहारक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे जीएसटी सुधार सँ भारतीय अर्थव्यवस्था मजगूत होयत। ओ कहलनि जे आत्मनिर्भर भारतक विजन के साकार करबा मे सेहो एहि सुधार के महत्वपूर्ण योगदान होयत।

————————————————————————

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन एनडीए के बिहार बंदक व्यापक असरि रहल। एनडीए द्वारा दरभंगा मे कांग्रेस आ राजदक मंच सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ हुनक मां पर कयल गेल अपमानजनक टिप्पणी के विरोध मे बंद के आयोजन कयने गेल छल। बंद के असरि पटना, दरभंगा, मधुबनी, बेगूसराय, भागलपुर, आ शिवहर सहित सभ जिला मे देखल गेल। एहि दरमियान भाजपा आ हुनक सहयोगी दल सभक विधायक, सांसद जिला अध्यक्ष आ वरिष्ठ नेता महागठबंधनक विरूद्ध नाराबाजी करैत प्रदर्शन कयलनि। एनडीए के घटक दल सभक महिला शाखा सेहो कतेको ठाम धरणा आ विरोध प्रदर्शन कयलनि। किछु ठाम बंद समर्थक लोकनि वाहन सभक आवाजाही रोकि देलनि जाहि सँ आवागमन प्रभावित भेल।

————————————————————————

राजद आ कांग्रेस सहित महागठबंधनक सभ दल भाजपाक बिहार बंद के पूर्ण रूपेण विफल जनौलनि अछि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे बंद समर्थक लोकनि सड़क पर जमि कऽ उत्पात मचौलनि जाहि सँ आम लोक सभ के विशेष परेशानी झेलऽ पड़ल।

————————————————————————

इंडिया गठबंधनक उपराष्ट्रपति पदक उम्मीदवार बी. सुदर्शन रेड्डी आइ पटना मे कांग्रेस, राजद, वीआईपी आ वाम दलक नेता लोकनिक संग भेट कयलनि। संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री रेड्डी कहलनि जे ओ कोनो राजनीतिक दल सँ जुड़ल व्यक्ति नहि छथि। ओ सभ दल सँ समर्थन के अपील करैत छथि। संवादादाता सम्मेलन मे राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे बी. सुदर्शन रेड्डी संविधानक ज्ञाता छथि। हुनक उपराष्ट्रपति बनला पर संविधान आ लोकतंत्रक रक्षा के संग—संग राज्यसभा नीक ढंग सँ चलत।

————————————————————————

भूटानक प्रधानमंत्री दशो शेरिंग टोबगे आइ राजगीर मे नव निर्मित रॉयल भूटान बौद्ध मंदिरक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर केन्द्रीय संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू सेहो

उपस्थित छलाह। केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे राजगीर बौद्ध लोकनिक एक प्रमुख धार्मिक केन्द्र अछि आ एहि मंदिर के उद्घाटन सँ भारत आ भूटानक मध्य आध्यात्मिक संबंध आओर बेसी मजगूत होयत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सारण मे आयोजित एक कार्यक्रम मे आठ सय अठहत्तरि करोड़ टाका सँ बेसी के लागतिबला विभिन्न विभागक सात परियोजना सभक शिलान्यास आ कार्यारंभ कयलनि अछि। एहि योजनाक घोषणा मुख्यमंत्री अपन प्रगति यात्रा के क्रम मे कयने छलाह।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग तृतीय चरणक शिक्षक नियुक्ति परीक्षा के परिणाम जारी कऽ देलक अछि। परीक्षा परिणाम मे पंद्रह विषय मे कुल पंद्रह हजार दू सय बीस अभ्यर्थी सफल भेला अछि। आयोग नवम आ दसम कक्षाक लेल सोलह हजार नओ सय सत्तरि पद सभक लेल विज्ञापन जारी कयने छल।

———————————————————————

राज्य सरकार पोषण के लऽकऽ जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सँ यूनिसेफक सहयोग सँ मेरी थाली सेहत वाली अभियानक शुरूआत कयलक अछि। पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे बिहार राज्य मध्याह्न भोजन योजना के निदेशक विनायक मिश्रा जनौलनि जे एहि योजना के मुख्य उद्देश्य बच्चा सभ मे कुपोषणक समस्या के समाप्त करब अछि।

———————————————————————

समाप्त